



## Règleman Chanselye a

Nimewo: **A-663**

Sijè: Aksè nan lang pou paran

Kategori: ELÈV

Pibliye: 20/06/2025

### **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR) A-663 ki gen dat 26 jen 2009.

Objektif regleman sa a se dekri pwosedi pou asire paran elèv ki nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS). tankou paran ki kominike nan yon lang ki pa anglè, gen yon opòtinite san parèy pou patisipe ak jwenn aksè nan pwogram ak sèvis ki esansyèl pou edikasyon pitit yo. Yo reòganize kèk pòsyon nan regleman sa a pou bay klarifikasyon ak fasilite moun pi byen konprann, ak mete ajou link ki pou resous aktyèl yo. Yo chanje non reglaman sa a tou pou li vin gen lis konplè sèvis aksè nan lang ki disponib pou paran . Yo fè chanjman nan kontni règleman an nan fason sa yo:

#### Chanjman:

#### Seksyon I. Definisyon

- Li ajoute definisyon tèm ki enpòtan yo: DOE, Lekòl, Paran, Paran ki gen konpetans limite nan lang anglè, Kat kontak pou ijans, Biwo pou aksè nan lang (Office of Language Access, OLA), kowòdonatè pou aksè nan lang (Language Access Coordinator, LAC) ak estaf lekòl ki an kontak ak paran.
- Li mete ajou definisyon tèm enpòtan, tankou entèpretasyon ak tradiksyon.
- Li retire definisyon tèm yo pa itilize ankò yo.
- Yo ogmante kantite lang yo ofri yo a douz lang pi komen paran yo prefere yo, ki pa anglè, ke DOE idantifye.

#### Seksyon II. Detèminasyon Lang prefere ou itilize pou kominike

- Li ranplase referans "lang prensipal" avèk "lang prefere", dapre pratik aktyèl yo.
- Li klarifye kondisyon pou lekòl yo kenbe yon dosye lang prefere pou chak paran ak kòman y ap konsève enfòmasyon sa yo.
- Li ajoute enfòmasyon sou lang prefere paran yo ap disponib pou estaf ki an kontak ak paran, eksepte kote lwa eta a oswa lwa federal entèdi sa a konsènan dosye elèv oswa dapre lòd tribinal.

#### Seksyon III. Obligasyon pou ofri sèvis asistans pou lang

- Li revize ak reòganize seksyon sa a pou bay klarifikasyon.

- Li klarifye kondisyon pou ofri sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.
- Li defini kominikasyon ki enpòtan.

#### Seksyon IV. Sèvis asistans nan lang apa kondisyon regleman sa a

- Li klarifye DOE ka ofri sèvis aksè nan lang apa kondisyon ki nan regleman sa a.

#### Seksyon V. Nominasyon estaf lekòl kòm yon kowòdonatè pou aksè nan lang.

- Li ajoute kondisyon pou chak direktè nome yon kowòdonatè pou aksè nan lang ki pral responsab pou sipòte sèvis asistans nan lang nan lekòl la epi li dekri responsablite pòs sa a.

#### Seksyon VI. Plan pou tradiksyon ak entèpretasyon lang (Language Translation and Interpretation, LTI) nan lekòl

- Li mete ajou non plan LTI la ak lis tèm ki dwe gen nan plan an.
- Li ajoute pou di DOE pral revize plan chak lekòl.

#### Seksyon VII. Trening

- Li ajoute kondisyon pou tout estaf lekòl ki an kontak ak paran resevwa trening nan aksè pou lang.
- Li ofri trening siplemantè pou LAC yo.

#### Seksyon VIII. Kòman paran ka mande sèvis pou aksè nan lang

- Li klarifye metòd pou paran mande sèvis pou aksè nan lang.
- Li mete ajou enfòmasyon sou kontak pou mande sèvis pou aksè nan lang.

#### Seksyon IX. Avi pou paran

- Li klarifye responsablite lekòl yo pou bay paran enfòmasyon sou disponiblite sèvis pou aksè nan lang, tankou kòman pou jwenn sèvis sa yo ak kapasite pou fè kòmantè oswa pote plent sou sèvis sa yo.

#### Seksyon X. Konsèvasyon dosye

- Li klarifye kondisyon pou konsève dosye.

#### Seksyon XI. Ransèyman

- Li mete ajou enfòmasyon aktyèl pou kontak pou moun prensipal pou kontakte pou pote plent yo.



## Règleman Chanselye a

Nimewo: **A-663**

Sijè: Aksè nan lang pou paran

Kategori: ELÈV

Pibliye: 20/06/2025

### **REZIME**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR) A-663 ki gen dat 26 jen 2009. Li dekri pwosedi pou asire paran elèv ki nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS), tankou paran ki kominike nan yon lang ki pa anglè, gen yon opòtinite san parèy pou patisipe ak jwenn aksè nan pwogram ak sèvis ki esansyèl pou edikasyon pitit yo.

### **I. DEFINISYON**

Pou objektif regleman sa a:

- A. Lang yo kouvri yo se douz lang DOE idantifye ki pi komen paran prefere itilize apa anglè, eksepte pou nenpòt nouvo lang DOE fèk kouvri yo dwe aplike l apre piblikasyon règleman sa a.<sup>1</sup>
- B. DOE vle di Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.
- C. Kat kontak pou ijans lan se yon fòm paran voye ale chak ane ki gen ladan l enfòmasyon sou moun pou kontakte nan ka ijans ak lang paran prefere a.
- D. Entèpretasyon se pwosesis pou tradui kominikasyon aloral soti nan yon lang pou di menm sa yo vle di a nan yon lòt lang, pandan w ap kenbe menm ton, menm siyifikasyon ak menm entansyon mesaj orijinal la.
- E. Kowòdonatè aksè lang (Language Access Coordinator, LAC) se yon manm pèsònèl lekòl la chwazi ki responsab pou sipòte sèvis asistans nan lang nan lekòl la.
- F. Sèvis asistans nan lang vle di tradiksyon ak/oswa entèpretasyon pou paran LEP.
- G. Paran ki limite nan lang anglè (Limited English Proficient, LEP) se yon paran ki pa pale anglè kòm lang natifnatal li ak/oswa ki dekri tèt yo kòm moun ki gen yon kapasite limite pou li, pale, ekri, oswa konprann anglè ak/oswa ki prefere pale nan yon lòt lang ki pa anglè.

<sup>1</sup> Vèsyon avan règleman sa a, ki te pibliye nan dat 26 jen 2009, te defini lang yo kouvri yo kòm “nèf lang prensipal ki pi komen ki pa anglè moun k ap viv nan Vil Nouyòk plis pale jan Depatman Edikasyon an idantifye yo.”

- H. Biwo pou aksè nan sèvis lang (Office of Language Access, OLA), ak nenpòt biwo ki vini apre, se biwo nan DOE ki bay epi sipèvizè sèvis asistans pou lang.
- I. Paron vle di paron oswa responsab timoun lan oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paron oswa ki gen gad timoun lan. Sa gen ladan: paron biyolojik oswa paron adoptif, bopè-bèlmè, moun ki gen responsablite legal, paron nan fwaye akèy (foster care), ak “moun ki reprezante paron” yon timoun ki ale nan yon lekòl. “Moun ki reprezante paron an” vle di yon moun ki pran swen yon timoun paske paron oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se akòz, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, li pa rete nan Eta a, oswa abandon timoun lan.
- J. Estaf lekòl ki an kontak avèk paron vle di sipèvizè lekòl, estaf k ap bay sipò nan lekòl (pa egzanp: sekretè, anplwaye nan biwo yo, oswa lòt pòs administratif), enfimyè lekòl nan Biwo Sante lekòl, kowòdonatè kominotè oswa kowòdonatè asosye oswa asistan, travayè pou fanmi, konseye lekòl, travayè sosyal nan lekòl, sikològ lekòl, pwofesè, ak parapwofesyonèl, tout moun sa yo ka kominike avèk paron LEP.
- K. Lekòl vle di yon lekòl nan distri lekòl NYC a.
- L. Tradiksyon se pwosesis pou tradui tèks ekri soti nan yon lang pou di menm sa yo vle di a nan yon lòt lang, pandan w ap kenbe menm ton, menm siyifikasyon ak entansyon mesaj orijinal la.

## II. DETÈMINASYON LANG OU PREFERE ITILIZE POU KOMINIKE

- A. Lekòl dwe detèmine, nan lespas 30 (trant) jou apre yon elèv fin enskri, lang paron an prefere ekri ak pale pou chak elèv ki enskri nan lekòl la.
- B. Lekòl dwe kenbe yon dosye ki apwopriye epi ki ajou sou lang chak paron prefere, epi enfòmasyon sa yo ap disponib pou estaf lekòl ki kominike avèk paron an. Yo dwe konsève enfòmasyon sa yo nan baz done *Automate the Schools* (ATS), sou kat kontak pou ijans elèv la, nan pwofil elèv la, yon aplikasyon sou entènèt ki bay estaf lekòl la enfòmasyon sou elèv la, oswa nenpòt baz done, dokiman, oswa aplikasyon ki vin apre. Paron ap gen opòtinite pou fè mizajou pou lang yo prefere a nan kat kontak pou ijans lan, oswa nan yon fòm menm jan an. Lekòl dwe fè mizajou nan ATS, oswa nan nenpòt baz done ki vin apre kòmsadwa.
- C. Estaf ki pral kominike avèk paron yo dwe genyen aksè nan enfòmasyon sou lang paron prefere itilize, sof si lalwa eta a oswa lalwa federal konsènan konfidansyalite dosye elèv oswa lòd tribinal entèdi sa.

## III. OBLIGASYON POU OFRI SÈVIS ASISTANS POU LANG

- A. Tradiksyon kominikasyon enpòtan nan lang yo kouvri yo
  - a. Kominikasyon enpòtan se kominikasyon ki gen rapò avèk enskripsyon, estanda akademik, pwogram, aktivite pou paron, lekòl k ap fèmen, sante, sekirite, zafè legal oswa disiplinè, ak dwa pou edikasyon piblik.

- i. DOE dwe idantifye epi tradui nan lang yo kouvri yo kominikasyon enpòtan ki pa espesifik pou elèv, tankou fòm jeneral, kalandriye akademik, ak manyèl pou paran, ke yo distribye oswa kominike yon fason elektwonik bay tout oswa pifò paran elèv nan lekòl la(yo) oswa nan klas la(yo). Lè sa posib, y ap pilbiye tradiksyon yo nan preske menm moman avèk vèsyon anglè yo. Si yon tradiksyon pa disponib an menm tan, DOE dwe bay, si yo mande sa a, yon tradiksyon pi vit posib, depi dokiman an toujou enpòtan.
- ii. Nan sikonstans egzijan, tankou evakyasyon ijans nan yon bilding lekòl, kote yon lekòl pa ka voye yon tradiksyon ijan pou kominikasyon konsènan sikonstans sa yo, lekòl la dwe bay, pi vit posib, yon kominike, atravè tradiksyon oswa entèpretasyon, nan lang paran an prefere a, ki ka yon lang yo pa kouvri, pou bay enfòmasyon konsènan sikonstans ijan yo.
- iii. Pou kominikasyon enpòtan alekri espesifik pou elèv, tankou pwogram edikasyon endividyèl tankou IEP, Plan Seksyon 504, ak rapò evalyasyon elèv, DOE dwe, sou demand, bay paran LEP yon tradiksyon nan lang yo prefere a ke DOE kouvri, epi, fè tout efò posib, pou bay kominikasyon an nan lang prefere paran an DOE pa kouvri.
- iv. Lekòl dwe bay tradiksyon kominikasyon enpòtan alekri espesifik pou elèv nan lang DOE kouvri yo ke OLA pa bay.

#### B. Entèpretasyon

- a. DOE ap bay sèvis entèpretasyon nan reyinyon sa yo nan tout vil la/distri a nan lang DOE kouvri yo, kote DOE prevwa se lang prefere plis paran LEP k ap prezan nan reyinyon an:
  - i. Reyinyon Komite pou regleman nan edikasyon (*Panel for Educational Policy, PEP*)
  - ii. Reyinyon Konsèy Edikasyon Vil/Konsèy Edikasyon pou kominote (*Citywide & Community Education Council, CCEC*)
  - iii. Reyinyon paran nan vil la biwo santral òganize
  - iv. Reyinyon Ekip Lidèchip Distri ak aktivite pou paran biwo distri yo òganize
- b. DOE dwe bay sèvis entèpretasyon pou paran LEP ki prefere pale yon lang DOE kouvri epi ki mande sèvis sa yo pou kominike avèk estaf DOE konsènan Kominikasyon Enpòtan konsènan edikasyon pitit yo, tankou pa egzanp, konferans paran-pwofesè, odyans sispanasyon, reyinyon edikasyon espesyal, reyinyon anyèl paran-pwofesè pou elèv k ap aprann lang angle, ak reyinyon Seksyon 504.

- c. Lè sa posib, DOE ap bay sèvis entèpretasyon nan lang yo pa kouvri yo.
- d. Yo ka bay entèpretasyon swa anpèsòn kote paran an bezwen pale a, vityèlman, oswa nan telefòn, depi sa disponib.
- e. Paron LEP ka chwazi konte sou yon zanmi adilt/konpayon oswa yon manm fanmi pou bay sèvis entèpretasyon.
- f. Elèv ak lòt timoun (minè ki poko gen 18 ane) pa ka sèvi kòm entèprèt pou estaf DOE ak paran LEP pandan reyinyon pou edikasyon espesyal oswa nan okenn reyinyon fòmèl oswa enfòmèl kote y ap pale sou pwogrè ak/oswa konduit elèv.

#### **IV. SÈVIS ASISTANS NAN LANG APA KONDISYON RÈGLEMAN SA A**

- A. DOE kapab bay tradiksyon script pou komunikasyon odyo oswa videyo nan lang DOE kouvri yo.
- B. DOE kapab bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki depase sa ki dekri nan règleman sa a, tankou pou lang ki pa nan lang DOE kouvri yo.

#### **V. CHWAZI ESTAF NAN LEKÒL KÒM YON KOWÒDONATÈ POU AKSÈ NAN LANG**

- A. Nan kòmansman chak ane lekòl, chak direktè lekòl dwe chwazi omwen yon manm estaf pou sèvi kòm kowòdonatè aksè lang (Language Access Coordinator, LAC) ki pral responsab pou sipòte sèvis asistans lang nan lekòl la. LAC a ta dwe yon direktè adjwen oswa yon lòt administratè lekòl ki gen konesans sou fonksyonman jeneral lekòl la, estrateji komunikasyon paran, ak kapasite pou transmèt enfòmasyon bay estaf lekòl la. Responsablite LAC a ap gen ladan:
  - a. Enfòmasyon konplè sou resous ak dènye enfòmasyon sou sipò ki disponib pou lòt estaf lekòl.
  - b. Ede avèk kesyon ak enkyetid paran yo genyen konsènan sèvis asistans nan lang.
  - c. Konnen estrateji komunikasyon lekòl la pou kontakte paran (komunikasyon alekri ak aktivite pou paran).
  - d. Konnen bezwen nan lang pou popilasyon paran lekòl la.
  - e. Bay konsèy pandan devlopman Plan Tradiksyon ak Entèpretasyon Lang (Language Translation & Interpretation, LTI) lekòl la ki nan Plan Edikasyon global (Comprehensive Educational Plan, CEP) la.
  - f. Bay konsèy sou kijan pou itilize lajan yo distribye bay lekòl chak ane pou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon atravè yon memorandòm School Allocation Memorandum (SAM).
  - g. Konnen enkyetid konsènan sèvis asistans nan lang epi ede reponn a enkyetid sa yo.
- B. Yo dwe fòme LAC yo dapre Seksyon VII ki nan règleman sa a.

## VI. PLAN POU TRADIKSYON AK ENTÈPRETASYON LANG (LANGUAGE TRANSLATION AND INTERPRETATION, LTI) NAN LEKÒL

- A. Kòm yon pati nan CEP chak lekòl, li dwe revize epi konplete Plan LTI anyèl la pou pale sou bezwen li genyen pou asistans nan lang avèk kondisyon règleman sa a. LTI a mande enfòmasyon sou bagay sa yo:
  - a. Non moun yo chwazi kòm LAC a.
  - b. Idantifikasyon ak evalyasyon popilasyon paran LEP.
  - c. Idantifikasyon Kominikasyon enpòtan alekri ak reyinyon anpèsòn pandan tout ane lekòl la ki mande sèvis asistans nan lang epi kijan lekòl la prevwa reponn bezwen sa yo.
  - d. Planifye pou asire estaf yo konnen kondisyon pou aksè nan lang ak resous ki disponib.
  - e. Bay paran avi sou sèvis asistans nan lang ki disponib.
  - f. Metòd pou lekòl la mande epi aplike kòmantè sou dispozisyon sèvis asistans nan lang li yo.
- B. Depi yon lekòl voye Plan konplè LTI li a ale, DOE dwe revize plan sa a apre delè ki etabli pou revizyon ak finalize CEP a.

## VII. FÒMASYON

- A. Chak direktè lekòl dwe asire estaf lekòl ki an kontak avèk paran pran fòmasyon pou aksè nan lang OLA fè a, nan moman DOE chwazi a, ki dwe fèt omwen chak dezan, sou règleman ak pwosedi ki tabli nan règleman sa a, ansanm avèk responsablite estaf lekòl, sipò pou aksè nan lang ki disponib pou estaf lekòl, konsèy sou pi bon pratik, ak estanda etik pratik.
- B. Anplis, DOE dwe bay fòmasyon siplemantè pou LAC, se OLA ki fè li, omwen chak dezan.

## VIII. KÒMAN PARAN KA MANDE SÈVIS POU AKSÈ NAN LANG

Paran ki vle resevwa sèvis asistans nan lang ta dwe swa:

- A. Kontakte direktè oswa kowòdonatè paran lekòl li a,
- B. Rele DOE nan 718-935-2013, oswa
- C. Ale sou [schools.nyc.gov/hello](https://schools.nyc.gov/hello) pou jwenn fòm pou mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.

## IX. AVI POU PARAN

- A. Sitwèb DOE a dwe gen enfòmasyon nan chak lang nou kouvri yo konsènan dwa paran pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon, ak kòman pou yo gen aksè nan sèvis sa yo ak fè kòmantè.

- B. Lekòl responsab pou bay chak paran chak ane, sou imèl oswa nan lòt fason, dapre dispozisyon règleman sa a, enfòmasyon konsènan disponiblite sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis, ladan:
  - a. Kijan pou jwenn aksè oswa jwenn sèvis sa yo, epi;
  - b. Kijan pou fè kòmantè konsènan sèvis yo, tankou difikilte ki genyen pou jwenn sèvis ak kijan pou voye yon demand oswa yon plent ale.
- C. Lekòl, ansanm avèk biwo ki rankontre avèk paran yo souvan, responsab pou afiche yo chak ane, nan yon kote ki vizib oswa toupre antre prensipal lekòl la oswa biwo a, yon afich nan chak lang DOE kouvri ak disponiblite pou sèvis asistans nan lang yo. OLA ap distribye afich ki tradui nan lang yo kouvri yo nan kòmansman ane lekòl la. Afich dispobib tou pou estaf nan <https://infohub.nyced.org/nyc-doe-topics/office-of-language-access/translation-resources>.
- D. Chak lekòl ki gen plis pase 10% paran timoun ki pale yon lang yo prefere itilize ki pa ni anglè ni youn nan lang nou kouvri yo, dwe jwenn nan men OLA yon tradiksyon nan lang sa a pou materyèl ki nesèsè dapre seksyon sa a epi dwe afiche ak bay materyèl sa yo dapre seksyon sa a.
- E. Plan sekirite chak lekòl dwe asire paran ki bezwen sèvis asistans nan lang resevwa sipò pou entèpretasyon pou yo kominike avèk estaf lekòl epi li dwe gen ladan pwosedi pou asire paran LEP ka jwenn biwo administratif lekòl la epi kominike avèk administratè yo.

## X. KONSÈVE DOSYE

- A. OLA dwe kenbe dosye sa yo:
  - a. Kantite diferan dokiman estaf li yo tradui oswa enstitisyon ki gen kontra avèk DOE tradui ak tip dokiman sa yo anjeneral.
  - b. Kantite reyinyon ak apèl telefòn pou bay sèvis entèpretasyon, atravè enstitisyon ki gen kontra, ak nan lang yo bay sèvis lan.
  - c. Dokiman konsènan bidjè anyèl li pou sèvis pou èd nan lang.
  - d. Kantite anplwaye DOE k ap bay sèvis pou aksè nan lang atan plen.

## XI. DEMAND POU RANSÈYMAN

Pou ransèyman, fè kòmantè, pote plent oswa jwenn asistans konsènan règleman sa a, kontakte:

Biwo pou aksè nan sèvis lang (Office of Language Access)  
 Depatman Edikasyon Vil Nouyòk  
 28-11 Queens Plaza North - 4th Floor  
 Long Island City, NY 11101  
 Ale sou [schools.nyc.gov/hello](https://schools.nyc.gov/hello)